КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэщ

КъБР-м и Конституцэм и махуэщ

ФОКIАДЭМ и 1-р

Щiэныгъэхэм я махуэщ

Налшык къалэм и махуэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А. Щiэныгъэхэм я махуэм теухуа и хъуэхъу

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!
Сынывохъуэхъу Щiэныгъэхэм я махуэмрэ гъэ еджэгъуэщIэм зэрыщIидзэжымкIэ.
А махуэшхуэ тельыджэр лъапIэщ дэтхэнэ зым и дежкIи. Школ, студент илъэсхэм, фIыуэ тлъагъу ди егъэджакIуэхэм, ныбжьэгъу пэжхэм ятеухуа гукъэкIыжхэр игъащIэкIэ гуапэу диту кьонэ.
Фэ къыфпэщылъщ екъулIэныгъэхэмкIэ, гуфIэгъуэрэ Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэнщIа гъэ еджэгъуэщIэр. Щiэныгъэм фызэрыхуэпабгъэм, фи ерыщагъэм, шыIэныгъэу фхэлъым елъытащ гъащIэшхуэм, балигъ гъащIэм фызэрыхьэныр щIыкIэр, апхуэдэу щыщIткIэ - ди къэралыгъуэр зыхуэдэнури.
Шэч къытесхьэркъым, оценкэфIхэр къэфхьыным, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрыягъэхьэным, щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ, Хэкум хуэфэщэн цIыху къыфхэкIыным фи зэфIэкI пСори зэрефхьэлIэнум.
Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу еджэным фехъулIэну, узынщагъэ фиIэну, зэIуэпэщу фыпсэуну. Фи мурад пСори къывэхъулIэну си гуапэщ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МэкЪуАуэгЪуэ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКI

№167 (23.575) • 2017 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 1, мэрем • Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

кIуэкIуэ Юрий: Къуаншэм жэуап ихьмэ, Iулъхьэ зэIэпызыххэр нэхъ мащIэ хъунущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIащ КъБР-м Хабзэм кIэлъыплъыныр къызэрэпэщыныгъэ и зэхуэсым. Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и Советым я зэIущIэ.

АБы ХЭТАЩ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым КъБР-м къегъэщIыIа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Канунников Владимир**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и прокурор **Жариков Олег**, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, министерствэхэм, ведомствэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, республикэм и кьалэ округхэмрэ муниципальнэ щIыналъэхэмрэ я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ экономикэм Iулъхьэ зэIэпызыхьым, къэралмылъку зэхэдыгъуэным елха щIэпхъаджагъэ щымыгъэIэным теухуауэ хабзэхъумэ Iуэхущ1ап1эхэм ялэжьым. Ар къыщIызэIуихым, КIуэкIуэ Юрий жиIащ къэралмылъку зэхэзыдыгъуэхэм къару зэкъуэткIэ ялэщIэтын зэрыхуейр икIи къыхихыгъэщащ къуаншэм жэуап ихьмэ, Iулъхьэ зэIэпызыххэр нэхъ мащIэ зэрызыхъунур.

Республикэм и Iэтащхьэм къиIэта Iуэхум теухауэ зыубгъуауэ къэпсэльащ КъБР-м и прокурор **Жариков Олег**:

- Экономикэ и лъэныкъуэкIэ республикэм щызэращIыпIэ зэгурыIуэныгъэхэм Iулъхьэрэ мылъку зэхэдыгъуэрэ зэрыхэмытыр зэхэгъэкIыныр, апхуэдэ къыщIэдгъэщамэ - а Iуэхум теухуа тхыгъэ МВД-м Iэрыдгъэхьэныр и кьалэн нэхъыщхьэщ ди Iуэхущ1ап1эм. Абы и лъэныкъуэкIэ 2017 гъэр кьызэрихьэрэ хабзэр 150-рэ къызэпаудауэ къэтхутащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэгъабэ къыщIэдгъэщам нэхъыбэ нэрыгъэщ а бжыгъэр. Къыхэгъэщипхъэщ абыхэм я нэхъыбэр мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьным къэралым хухих мылъкур зэхэдыгъуэным зэрехьэлIар. Сом мелуан 280-рэ къызэщIэзыубыдэщIапхъаджагъэ 39-рэ къыщIэдгъэщащ зи гугъу сщIым теухуауэ.

Зэхъыхьэм апхуэдэу къыщыпсэльащ КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Мамхэгъ Назир**, республикэм и Казначействэм и унафэщI **Iутыж Шумахуэ**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм Iулъхьэм пэрыгъэщIэтыныкIэ и управленэм и унафэщI **Нэгъуей А. А.** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам теуха тхыгъэ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ.

КЪАНЫКЪУЭ Дахэуэс.

Дунейм тет нэхъ лъэпкъыжь дыдэхэм ящыщ адыгэхэр сыт щыгъуи щIэхъуэпсащ езыхэм я къэралыгъуэ къызэрагъэпэщыным. Тхыдэ жыжьэр щыхьэт тохъуэ зэгуэр ар абыхэм яIэу зэрыщытам. АрщхьэкIэ щытыкIэ зэмылIэжьыгъуэхэм икIи хуабжьу гугъуэсыгъуэхэм куэдрэ ихуэу къэгъуэгурыкIуа ди лъэпкъэгъуэхэм иужькIэ къэралыгъуэр яхуэзэгечуэжакъым, абы мызэ-мытIэу пэгъунэгъу хуэхъуауэ щытами.

ДИПЭ итахэм ар къащехъулар ХХ лIэщIыгъуэрщ икIи кьахуэзыхьари Октябрь революцэрщ. Властыр къэрал абрагъуэм щызыIэщIыхьа большевикхэм ягъэпэжащ Урысейм и къуэдзэщу щыта щIыналъэхэм щыпсэуа цIыху бжыгъэкIэ нэхъ мащIэ лъэпкъхэр къызэрагъэгугъар: хэкIуэдажьипэным нэса абыхэм я щхьэ унафэ ящIыжыну, заужьыну Iэмал къезыта ухуэкIэ къыхузэрагъэпэщащ. Абы кьыдэкIуащ я тхыбзэхэри. Апхуэдэ дыдэ гъуэгу къакIуащ игъащIэ лъандэрэ кьыддэпсэу балъкъэрхэми.

А псори тыншу икIи къызэрыгуэкIыу кьайхъулIакъым. Ди щIыналъэр зыкIи хуэмейуэ хагъэхьауэ щытащ Бгырыс АССР-м. Ар Iэрыщ1у икIи щIэмыупщIэу къызэрагъэпэща Автоном Совет Социалист Республикэт. Абы гъуэсэ щызэхуэхъуа лъэпкъхэр зэпыщIэныгъэ гуэрхэр зэхуаIэми, зэи псэуныгъэкIи, щэнхабзэкIи зэгъэщIылIауэ, зым адрейм щапхъэ къытрихыу къэгъуэгурыкIуатэкъым. Абы щыгъуэми зи экономикэкIэ нэхъыфIыIуэ ди областым и зэфIэкIыр ди гъунэгъуэхэм хуабжьу къагъэсэбэпырт, ауэ ящыгъупщат абыхэми езыхэм яхуэфащэн увыпIэ иратын зэрыхуейр, унафэр зезыгъакIуэр езыхэрат.

Арати, къэбэрдей адыгэхэм ткIийуэ къагъэуващ Бгырыс АССР-м кьыхэкIыжьыным и Iуэхур икIи ар зрагъэхъулIащ.

1921 гъэм фокIадэм и 1-м УФ-м и ЦИК-м унафэ къыдигъэкIащ Къэбэрдей Автоном областыр къызэгъэпэщыным теухуауэ. Пэжщ, апхуэдэхэм деж зэрыхъущи, адыгэхэм езыхэм я щIыналъэм щыщхэри яфIэкIуэдащ, арщхьэкIэ ди лъэпкъэгъуэхэр абыи къызэтригъэувыIакъым. Араща нобэ дгъэлъапIэ гуфIэгъуэм щхьэусыгъуэ хуэхъуари. 1922 гъэм мазаем адыгэхэм я щапхъэм ирикIуащ балъкъэрхэри. ЛъэпкъитIри зы хъужащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

● Обозревателым и псалъэ

Илъэс блэкIахэм дариплъэжмэ...

● КъБР-м и Парламентым

Депутатхэр я лэжьыгъэм пэрохьэж

Бжьыхьэ сессием ипкъ иткIэ президиумым и зэIущIэр къыщызэIуихым КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ и лэжьэгъуэхэм екъуэхъуащ лэжьыгъэм зэрыщIадзэжымкIэ икIи хабзэгъэув лъэхъэнэщIэм екъулIэныгъэхэр щIэну зэрригуапэр къыхигъэщащ. «Бжьыхьэ сессиер зэрыкIэщIым щхьэкIэ къэмынэу, ар IуэхугъуэхэмкIэ гъэнщIащ, - жиIащ спикерым икIи зралъэфыхь зэрымыхунум гу лъаригъэтэри, къаруущIэ яIэу лэжьыгъэм жыджэру пэрыхьэжыну парламентархэр къэуриджащ.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ Iуэхугъуэ тIощым нэблагъэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сату щIапIэхэм я лэжьэкIэр къыщыдзэгъэпэщыным и Iэхуку кIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр яхэту. Законопроектыр ягъэхьэзыращ «Розничнэ сату щIапIэхэм я Iэхуку кIэ икIи Урысей Федерацэм и Лэжьыгъэ кодексым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ закон №271-ФЗ-м республикэ законыр хуагъэкIуэн папщIэ. Абы ипкъ иткIэ сату щIапIэ къратын папщIэ мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствэм и Iэтащхьэм къыдэкIуэу зэгурыIуэныгъэ иращIылIэну хуитщ а хозяйствэм хэтхэми.

Къищынэмыщ1ауэ хэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэзыгъэкIуж и судыщIэхэм я Iуэхукъ» КъБР-м и Законым и гуэдзэн №1-м зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа» законопроектым. Законностымрэ хабзэмкIэ комитетым и унафэщI Кривко Михаил зэрыхигъэгъуэзамкIэ, проектыр зэхалъхьащ Налшык, Аруан, Iуащхьэмахуэ щIэ зэзыгъэкIуж судьяхэм я судыщIэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэр ягъэтэмэмыжын папщIэ. А Iуэхугъуэм щхьэусыгъуэ хуэхъущ Налшык кьалэм и уэрамхэм я цIэхэр зэрахъуэжамрэ гъуэгу инфраструктурэм зэхъуэкIыныгъэ зэригъэтэмрэ къыхэкIыу зэзыгъэкIуж судыщIэхэм я унафэр щызэкIуэ щIыналъэр зэхагъэкIыныр гугъу зэрыхьуар.

Президиумыр хэплъащ УФ-м и Налог, Псы кодексхэмрэ «ЩIы гъэтIылъыгъэхэм и Iэхукъ» УФ-м и Законымрэ зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ Урысей Федерацэм и языныкъуэ субъектхэм я хабзэгъэув жэрдэмхэмрэ зыхуэзэзэныгъэхэмрэ.

МэкъумэшыщIэхэм химие мелиорацэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIкIэ мылъку хухэхьным, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зэрырагъэгъуэт программэм тету федеральнэ къэрал еджапIэхэм пщIэ щIату махуэм щеджэ сабий зеинщэхэм къэрал социальнэ стипендие яхуэгъэувыным, Жьэн уз зиIэхэр ныкъуэдыкъуэу къэлъытэн папщIэ хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа, нэгъуэщI зыхуэгъэзэныгъэхэр дAIыгъащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1ап1э.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэхуащ егъэджэныгъэм и фIагъым щыхагъахъуэ лъэпкъ системэр щагъэунэху щIыналъэхэм

Егъэджэныгъэм и фIагъым щыхагъахъуэлъэпкъ системэр щагъэунэху Урысейм и щIыналъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр хагъэхьащ.

АБы ипкъ иткIэ 2017 гъэм и бжьыхьэм щыщIэдзауэ егъэджакIуэхэм я къэпщытэныгъэм теплъэщIэ игъэутынущ.

ЕгъэджакIуэм и зэфIэкIыр хэгъэхъуэныкIэ системэр хуэунэтIащ къызэрапщытэхэм къарикIуахэр щыхьэт зытехьэу и Iэзагъыр убзыхуным.

Iыхьыщу ахэр зэхэгъэкIыным хэплъэну къыхураджэ - егъэджакIуэ пашэ, егъэджакIуэ нэхъыжь, егъэджакIуэ. ЕгъэджакIуэ нэхъыжьым, а къулыкъур УФ-м и егъэджэныгъэм хагъэхьэну я мурадщ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, нэхъыбэу и кьалэну щытынур гъэсэныгъэращ.

ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм къатахэм япкъ иткIэ.

Дахагъэм, гуапагъэм, мамырыгъэм я джэлэс

Нобэ дгъэлъапIэ махуэшхуэхэм ящыщщ Налшык къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 293-рэ зэрырикъур. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалащхьэм и тхыдэр жыжьэ къыщюжьэ. 1724 гъэм иджы кьалэм иубыд щIыпIэм къэбэрдеипщ нэхъ лъэрызэхьэху Къетыкъуэ Аслъэнбэч, Тэтэрхъан Жамбот, Жанхъуэт Кушыку сымэ я жылэхэр щысу щыташ. Лъэхъэнэм зыдихъуэжурэ 1921 гъэм а щIыпIэр къалэ хъуащ, итIанэ Къэбэрдей-Балъкъэр автоном областым и центрщ, 1936 гъэм дыгъэгъазэм и 5-м КъБАССР-м и къалащхьэу яубзыху, 1991 гъэ лъандэрэ Налшык Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэщ.

ХХ лIэщIыгъуэм и пэщIдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэ хъуа Налшык зыужьныгъэ гъуэгум тоувэ. Кьалэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ и Iуэхухэр йофIакIуэ, курорт, промышленнэ IэнатIэхэм гъэ къэс зажьыр макIуэ. Къапщтэмэ, нобэ ар Кавказ Ищхьэрэм и кьалэ, зыгъэпсэхупIэ нэхъыфI дыдэхэм хабжэ. Абы щопсэу ди республикэм цIыхуу исым и процент 33-р. Къыхэгъэщыпхъэщ абы зэгурыIуэжу лъэпкъи 100-м нэс зэрыщыщэдэпсэур. Щэч хэмылъу, дэтхэнэри иужь итщ и лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ зэрихъумэжыным. Ахэр махуэшхуэхэм ирихьэлIэу дахэу утыку кьрахьэ зэпытщ. Абыхэм я щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэрщ кьалэм и лъабжьэр зыгъэбыдэри, лъэпкъ зэхэщIыкIым зезыгъэужьри.

Кьалэм и зыужьыкIэм укIэлъыплъмэ, гугъапIэфIхэр щыIэщ европэ мардэхэм хуэкIуэу зиузэщIыну. Абы папщIэ ялъэкI кьагъанэркъым, кьалэ, республикэ тхьэмадэхэм. Псом хуэмыдэу ягъэнэхъыщхьэр кьалэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныгъэ, дэтхэнэми тыншыпIэ кьыхуэзгъэпэщыныгъ.

Налшык и тхьидэ кьулеймрэ и нобэрей гъащIэмрэ уеплъмэ, наIуэ пщэхьу дахагъэм, гуапагъэм, мамырыгъэм я джэлэсу зэрыщытыр. ПIэщIыгъуэ бжыгъэ зи ныбжь хабзэхэмрэ иджырей зэманым кьиригъэув мардэхэмрэ дахэу щызэхэухуэна дунейщ нобэ Налшык щекIуэкIыр. А фIыгъуэ псом я гуащIэ хэлъщ налшыкдзэхэми. ЕкъулIэныгъэфIрэ зыужьныныгъэ екIуэрэ кьалэми кьалэдэсхэми яIэну дохъуэхъу.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Гулъытэ щхьэхуэ хуащI

КъБР-м и Правительствэм и зэIущIэ дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ абы и Унафэщ1 Мусуков Алий.

ЗэIущIэм щыхэплъащ унафэ 20-м я проектхэм. Абыхэм ящыщщ КъБР-м и бюджетым къыхэкIыу щIыналъэ администрацхэм трагуэшэну субсидиер зэратыну щыкIэм зэхъуэкIыныгъэ зэрыхалъхьам, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэс студентхэм мазэ кьэс ират ахъшэм яхуэгъэхъуэным, Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъур зэрагъэлъапIэм ирихьэлъэу къызэрагъэпэщыну зекIуэм, КъБР-м и кIэрыкубжьэрыхуэзэм елэжьыжьым теухуахэр, нэгъуэщIхэри.

Хабзэ зэрыхъуащ, Правительствэм и зэIущIэ кьэс гулъытэ щхьэхуэ щыхуащI «Урысей зэкъуэт» политикэ партым кьыхилIхьа программэхэр КъБР-м щIэ кьудамэм зэригъэзащIэм. Абы тепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Къуныжь Вячеслав**, Налшык кьалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Пащты Аслъэн**, щIыпIэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

КьищынэмыщIауэ, МЧС-м КъБР-м щIэ кьудамэм и унафэщI кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Борисов Вячеслав** кьулыкъущIэ зыбжанэм яритыжащ Урысейм и МЧС-м и медалхэр.

ФЫРЭ Анфисэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ зэIущIэм теухуа тхыгъэ.

ГуфIэгъуэ «Ислъэмей».

Илъэс блэкIахэм дариплъэжмэ...

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Ди лъахэм къаруущIэкIэ зиужьу хуежьащ. Ар екъэлIат Iэнатlэ псоми: промышленостыр зэфIэувэрт, мэкъумэщыщIэхэм щIым зэрелэжь Iэмэпсымэ нэхъ зэпэщхэр яIэрыхьат, ухуэнысIэм дэни зыщIиубгъурт. Псом хуэмыдэу зиIэтырт щэнхабзэм. ЛIэщIыгъуэ куэдкIэ еджакIэ-тхэкIэ зымыщIа бгырысхэм езыхэм я тхыбзэ яIэж хьуат. ЩIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным и Iуэхум хуабжьу зиукъудиящ 1925 гъэм СССР-м цIыху псоми пэщIэдзэ щIэныгъэ зегъэушъыным теухуа унафэ къыщыдэкIа иужь. Iэщlагъэ щхьэхуэ щIагъэнIуэт еджапIэхэр зыр зым кIэлъыкIуэу областым къыщыдзэIуахырт. 1932 гъэм Псыхуабэ (Пятигорск) лэжьэн щIидзащ Къабэрдей-Балъкъэр педагогикэ институтым. Ди деж къыщыдзэIуахащ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин лъэщапIэ зыбжанэ: лы комбинатыр, шыгухэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ щащI заводыр, IофыкIэ щащI фабрикэр, чырбыш, къуэщIын заводхэр, нэгъуэщIхэр.

Ди мэкъумэщыщIэхэм, Iэщlыхъуэхэм я щIыхьыр жьыжь Iуат. КIэщIу жьпIэмэ, лъэныкъуэ псори къыхьэту, 1945 гъэм США-м и «Миссури» кхъухьым Iэ щытрадзащ Японием зэрызитым теухуа дэфтэрым

♦Урысей гвардием и махуэщ

♦УФ-м и Полицэм и плъырпост къулыкъым и махуэщ

♦Вьетнамым и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ

♦1794 гъэм Одессэ къалэр ухуэн щIидзащ.

♦1943 гъэм Къанкъуэщ Ахьмэдхъан «Совет Союзым и Лыхъужь» цIэр къыфIащащ.

♦1958 гъэм ягъ дыдэу зэфIым къихьащ Китайм и телевиденэр.

♦1971 гъэм Хьэрып Республикэ Зэгуэтыр Мысыр, Сирие къэралыгъуэхэу зэхэкIащ.

♦1993 гъэм Урысеймрэ США-мрэ Iэ традзащ Дунейпсо хьэрш станц уху́ным теуха зэгурыIуныгъэм.

♦2002 гъэм РТР телеканалым зэреджэр «Урысей», ОРТ-м - «Ягъэ канал» жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦Совет актёр щэджащэ, СССР-м и цIыхубз артист **Леонов Евгений** къыззэраль хурэ илъэс 91-рэ ирокIу.

♦Совет композитор, фильм цIэрыIуэ куэдым я макъамэхэр зытха, СССР-м и цIыхубз артист **Петров Андрей** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокIу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубз артист **Гафт Валентин** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокIу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ артистхэр **Прокловэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокIу.

♦Сурэтыщ-живописец **Ерчэн Исуф** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокIу.

♦УФ-м футболымкIэ и командэ кхъухэм и тренер нэхъыщхьэ, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Черчесов Станислав** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокIу.

♦США-м щыщ актёр цIэрыIуэ **Ривз Киану** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокIу.

♦Атлетикэ хьэлъэмкIэ спортым и мастер, дунейпсо чемпионатым жэз, европэпсо зэпеуэм дыжьын медалхэр къыщыхьыха **Къардэн Рагнеттэ** къыщыдалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрыгъэмкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

ФокIадэм и 3, *тхъэмахуэ*

♦Терроризмэм ебэныным и махуэщ

♦Беслъэн къалэм къыщыхъуа терактым хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ

♦Молдовэ Республикэм и лъэпкъ армэм и махуэщ

♦Австралием и къэрал ныпым и махуэщ

♦1612 гъэм Пожарский Дмитрийрэ Черкасский Къанщаурэ (Дмитрийрэ) лыхъыдзэм текIуащ.

♦1826 гъэм Николай Езанэр Урысейм и пащтыхь зэрагъэувым и нэщэнэу тажьр щхьэратIэгъащ.

♦1939 гъэм Инджылызымрэ Франджымрэ я правительствэхэм унафэ къащтащ фашист Германием заущ зэрыращылIэм теухуаэ.

♦1947 гъэм пащэжащ Лепэщ правительствэр, щIыпIэ властхэр. Конституцэм апхуэдэу щыубзыхуат дэтхэнэ цIыхуми и хуитныгъэхэр къэлъытэн зэрыхуейр, ахэр хэутэн ящI зэрымыхъунур, нэгъуэщI лъапIэныгъэхэр.

А зэманым ирихьэлIэу ди республикэм иIэ хъуат еджагъэшхуэхэр, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакIуэхэр, къэрал псом щыцIэрыIуэ щэнхабзэ.

Нэхъыщхьэращи, зи Хэкум, зи лъахэм, зыщIапIыкIа совет идеологием хуэпэж цIыхухэр къэрал Iуэхухэр зезыхьэр. Мис апхуэдэ псэкупсэ гъэсныгъэм хуабжьу и фIыгъэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бынхэри хуабжьу жьыджэру зыхэта Хэку зауэшхуэм ди къэралыр зэрыщытекIуар.

Инщ дыдэрилъэж илъэсхэм ди республикэм кьихьа екъэлIэныгъэхэр. Абыхэм кэуэ тражьIыхьащ, тражьIыхь, дапэкIи тражьIыхьынущи, кIыхь зедмыгъэщIми хъунущ. Къэдгъэлъэгъуэн къудейщ зэман зэмылIэужьыгъуэхэм кьихьа екъэлIэныгъэхэм пащIэ ди республикэм дамыгъэ лъапIэхэр аргуэру кьызэрыхуагъэфощар: етIуанэ Ленин орденыр 1957 гъэм, Октябрь Революцэм и орденыр 1971 гъэм, Лъэпкъхэм я Зэныбжьэгъугъэм и орденыр 1972 гъэм.

Пэжщ, СССР-р лъапIэжа иужь Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр щытыкIэ гугъу зэмылIэужьыгъуэхэм ихуащ, къэрал абрагъуэу щытам и адрей щIыналъэ псомиз хуэдэу. ИкIи ар абыхэм кьыхэкIыжьащ. Дэ гугъэфIхэр диIэу дыпоплъэ къэкIуэну зэманым. Ауэ аракъым, уеблэмэ, нэхъыщхьэри. Псом япэрауэ дэ диIэщ ди псэукIэм и лъабжьэ быдэ ди къэралыгъуэр.

ШАЛ Мухьэмэд.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 1, *мэрем*

♦ЩIэныгъэхэм я махуэщ. Ар щагъэлъапIэ Армение, Белоруссие, Къэзахъстан, Къыргызыз, Латвие, Молдавие, Урысей, Тыркумэн, Украинэ зэрыгъэлъагъуэхэм.

♦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэщ. 1921 гъэм Къэбэрдей автономнэ областыр къызэрагъэпэщащ. 1936 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-щ.

♦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦Налшык къалэ и махуэщ

♦Узбекистан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и сессием къыщащащ къэрал суверенитетым теухуа унафэр.

♦Словакием и Конституцэм и махуэщ

♦1255 гъэм Кёнигсберг быдапIэм и лъабжьэр ягъэтIылIащ.

♦1569 гъэм урыс пащтыхь Иван IV и щхьэгъусэ, Идар Темрыкъуэ иныжу Гуащэнэ (Марие) дунейм ехьжащ.

♦1674 гъэм Черкасский Мугал и къуэ Къасболэт пщым и дзэм Iуэзэ и дежь тыркудзэр щIэзэтрикъутащ.

♦1714 гъэм Пётр Езанэм и унафэкIэ Санкт-Петербург къалэм къыщызэIуахащ Урысейм щыIэп къэрал библиотекэр. Иджыпсту ар Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и библиотекэщ.

♦1938 гъэм «Правда» газетым ятIэ дыдэу къыдехуащ «Хэкум папщIэ! Сталиным папщIэ!» къыхуеджанысIэр.

♦1939 гъэм ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэхъэ́ащ.

♦1940 гъэм Тырныауэ вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу ящIыпащащ.

♦1940 гъэм Налшык къыщызэрагъэпэщащ адыгэ, балъкъэр балет студиехэр.

♦1951 гъэм дунейм щыIэпэу Лондон къыщызэIуахащ супермаркет жьыхуаIэ тыкуэныщхьэр.

♦1964 гъэм ягъ дыдэу кьагъэлъэгъуащ «НэхулъэфI фыкIыкI, цIыкIуэ!» нэтынкIэ.

♦2004 гъэм Осетие Ищхъэрэ - Аланием хьихьэ Бесслъэн кьалэм дзт езанэ куэрыт школыр террористхэм яубыдащ.

♦Урысей пащтыхь гуащэ, Пётр Езанэм и анэ **Нарышкинэ Наталье** къызэралъхурэ илъэс 366-рэ ирокIу.

♦Урыс бэзэщIэныгъэлI, кавказыбзэхэр джыным хэлъхьэныгъэшхэу хуэзыщIа **Услар Пётр** къызэралъхурэ илъэс 201-рэ ирокIу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу щыта **Къудей Чэрим** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокIу.

♦УФ-ми, Кубанми, КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал сауГъэтыр зыхуагъэфаща **Зыхьэ Заурбий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрыгъэмкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

ФокIадэм и 2, *щэбэт*

♦ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щиуха махуэщ. Абы и щынинград и метрополитеныр ухуэным. А лэжьыгъэхэр зэпагъэуауэ щытащ зауэ зэманым.

♦1953 гъэм Хрущёв Никитэ КПСС-м и ЦК-м и япэ секретарэ хахащ.

♦КъБР-м и къэрал жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрэхэм я Совет и УнафэщIу щыта **Дэхъушокъуэ Мусэ** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокIу.

♦УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Гугъуэт Лол** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокIу.

♦КъБР-м и цIыхубз сурэтыщI **Бжэ́Iымых Хьид** и ныбжьыр илъэс илъэс 81-рэ ирокIу.

♦Литературэдж, тхакIуэ, КъБКъУ-м и доцент **Абазэ Албэч** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокIу.

♦Актрисэ, УФ-м и цIыхубз артисткэ **Зудинэ Маринэ** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 27-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхъунущ.

ФокIадэм и 4, *блыщхьэ*

♦Тхэквондом и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и ядернэ щынагъэншагъэр къызэгъэпэщыныкIэ Iэщlагъэлым и махуэщ

♦Армеиием щагъэлъапIэ къеГъалакIуэм и махуэр

♦Молдовэ Республикэм и таможненэ къулыкъым и лъэныкъуэм и махуэщ

♦1781 гъэм Лос-Анджелес кьалэм и лъабжьэр ягъэтIылIащ.

♦1888 гъэм Истман Джордж «Кодак» дамыгъэмрэ плёнкэ зэрыплIахьэ хъу сурэтехьымрэ я патент кратащ.

♦1975 гъэм «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ» телевизионнэ клубым и япэ нэтыныр кьагъэлъагъуащ.

♦1991 гъэм Свердловск кьалэм и цIэр Екатеринбург жиIэу зэрахъуэкIыжащ.

♦1999 гъэм Буйнакск кьалэм щалэжьа терактым и зэранкIэ ахьатихуу зэтет унэр кьэуауэ. Абы щыгъуэ цIыху 58-рэ хэкIуэдауэ щытащ.

♦Адыгэщ, Урысейм и дзэ, кьэрал кьулъыкъущIу, Правительствэм и унафэщIу щыта **Черкасский Яков (Урысхан)** къызэралъхурэ илъэс 351-рэ ирокIу.

♦Совет Союзым и Лыхъужь **Нэхей Даут** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокIу.

♦Шэрджэс еджагъэшхэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я докторэ, профессор **Нэпсо Долэт** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокIу.

♦УэрэджьакIуэ, УФ-м и цIыхубз артист **Хиль Эдуард** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокIу.

♦Журналист, публицист, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент **Чэрим Маринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 17 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Бэр зэкъуэтмэ - текIуэныгъэщ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Гъэпцlакlуэхэм къащlэкlуакъым

Республикэм и прокурорым и куэдзэ Махуэ Артур Iэ щIидзащ КъБР-м щыIэ МВД-м Следствэмкlэ и управленэм налшыкдэситIым яхуэгъэзауэ зэхигъэкIа уголовнэ Iуэхухэм тхылъым. Ахэр ягъэкъуэншэ УФ-м и УК-м и 176-нэ статьям и пIэ Iыхьэм къыщыкъэлъэгъуа къэзэщацэ зэраляжьам папщIэ (хэщIыныгъэшхуэ къэзыша кредит хуиныгъ къызэращтам къыхэкIы).

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, зэанэзэпхъу щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм я Iуэхур зыIутымрэ я финанс щытыкIэр зыхуэдэмрэ теуха хъыбар нэпцIхэр щхьэхуещагъэкIэ къагъэсэбэпри, 2013 гъэм фокIадэм и19-м къыщыщIэдзауэ 2014 гъэм щэкIуэгъуэм и 17 пщIондэ коммерцэ банкхэм ящыщ зым сом мелуан 15,1-м щIигъу щыхуэу кьыIахащ. Ауэ, и нэзым пшыныжьымэ теухуауэ зэращIыIла кредит зэгурыIуэныгъэр ямгъэзащIэу, банкым хэщIыныгъэшхуэ ираташ.

КъищынэмыщIауэ, цIыхубзым и пхъур УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и япэ Iыхьэмкlэ ягъэкъуаншэ (щIыхуэ къыщищIэм гъэпцlагъэ зэрызэрихьам папщIэ). КъызэрыщIагъэщамкIэ, 2013 гъэм и япэ мазищымрэ етIуанэмрэ къриубыдэу лжьыгъэ лIэужьыгъуэ щхьэхуэхэм техьэ зыуэ щыт налогым и тхылъ (декларацэ) нэпцIхэр зи гугъу тщIы банкым иритащ икIи, абыхэм япкъ итхьэ, жэпуэгъуэм и 30-м сом мелуанрэ мин щитхурэ щIыхуэу кьыIихри, и щхьэ Iуэхукlэ кьиГъэсэбэнащ.

Зэанэзэпхъуэм зэхащIыхьахэр Налшык къалэ судым зэхигъэкIынущ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

И усэхэм дунейм куууэ ухагъаплъэ

Ацкъан Руслан

КъБР-м и цIыхубз усакIуэ, республикэм и Къэрал сауГъэтым и лауреат Ацкъан Руслан Хьэсбий и къуэр Лэскэн районым хьихьэ Ерокъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Анзорей дзт курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэу, иужькIэ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэу щытащ. Абы зы зэманкIэ игъэунэхуащ журналист Iэщlагъэри. Иджыпсту «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщIщ.

Усэ тхылъу IощIым нэблагъэ хъыдигъэкIащ Ацкъаным, апхуэдэуи и тхыгъэхэр щызэхэхъэса тхылъхэр «Эльбрус» (Налшык), «Современник», «Молодая гвардия» (Москва) тхылъ тедзапIэхэм дунейм къыщытехьащ. ТхакIуэ ныбжьыщIэхэм я тхыгъэхэр щызэхъэхьасауэ Польшэм, Болгариеи, Венгриеи, Чехословакиеи, Сириеи къыщыдэкIа тхылъхэмэ ихуащ абы и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ.

Ацкъан Руслан и ятIэ усэ тхылъыр («Пшэ хужьхэр») 1972 гъэм, етIуанэр («Удз толъкъунхэр») - 1977 гъэм щыдэкIащ. Абыхэм какIэлъыкIуащ «Гъэрэ щIырэ» (1979), «Шэсыпlэ» (1983), «Си махуэ - си хуарэ» (1984), «Усэхэмрэ новеллэхэмрэ» (1993), «НатIэм къритха» (1993), нэгъуэщIхэри. Ахэр хэмыту адыгэ литературэр уи нэгу кьыпхущIэгъэхьэнукъым.

Ацкъаныр икIи прозаик ахъыржэманщ. ЦIыхухэм фIыуэ яIэгъуауэ абы и новеллэхэр.

ЗэдзэкIакIуэ гъуэзэджэу зыкъызэригъэлъэгъуар Ацкъаным хузэфIакIа псоми ящхьэжу къэплъыгъэ къупхъэ пыухыкIам тету къэгъэщIыныр куэдым къеХъулIэркъым. Абы и лъэныкъуэкIэ ТхьэрэзэфIэкIкIэ зыхуэпсу усакIуэ щэджащэхэм ящыщщ Ацкъаныр. Руслан и сонетхэм гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIауфыдэ, езы усакIуэм и Iуэху еплъыкIэхэм, гурыгъу-гурыщIэхэм узэрыщагъэгъуазэм къищынэмыщIауэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зы ди дунейм куууэ ухагъаплъэу апхуэдэщ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэз.

Я пщIантIэм зэгурыIуэхэм гуфIапщIэу нэхъ псынщIэу гъатхэ жыгри къыщотIэпI...

* * *

Си гущIэм щыхъэссат зы гухэль жыг
къыпыкIэр фIыуэ слъагъуэхэм езгъэшхыну,
къыдэхуэр дунеижьым щыгъэшыну, -
ар псоми езгъэшхыну, затIыжьыху.

Къогъагъэ жыгри, пощэщыж хужьыгъэр,
къыпедзэ пхъэщхьэмыщхьэр абы щыгъэу.
Зыкъомыр къонэ щхъуантIэрэ хэмыхъуэу,
похужьир, нэхъ жьэуапIэм зыщагьигри.

Тхъуэплъ хъуам нэхъ дахэр хаIукIыр къуагръэхэм,
и жьлэр дунеижьым щракъухьу.
Зыгуэрхэри къыпонэри жыг щхьэкIэм,
зэлымпIыжауэ нахьэсынщ бжьыхьэкIэм.

Си гущIэм щыхэссат зы гухэль жыг,
сызэрыхуейуэ къыпыкIэр згуэшакъым.
Иджы сыщIэхъуэпсынущ сылIэжьыху
Къимыхьыжьыну гуэрхэм узынщагъэм.

Абы сыздегупсысым зыхьэощIэ:
си гухэль жыгыр къогъэгъэж щIэрыщIэу.

* * *

УмыщI си жагъуэ дыгъэ къыкIыгъэкIыгъуэм,
къэкIуэну махуэм нэхур щIымыгъэкI.
Мэхъу симыIэнкIэ нобэ гурыфIыгъуэ
къыслъыбгъэсыну псалъэ IэфIым фIэкI.

УмыщI си жагъуэ дыгъэ къуэхьэжьгуэм,
жэщ кIыхьым хуейуэ ар ззэгъэзэхуэн.
Уи цIыхуфIагьри хэту абы щыгъуэм
зы пщIыхьапIэфI нэхъ мыхъуми къысхэхъуэнщ.

УмыщI си жагъуэ зэи. Къытлъыс гъащIэр
лей лъэпкъ хэмызэгъэну мащIэ тIэкIущ.

● ЩIыхьэху

Махуэ лъапIэм зыхуагъэхьэзыр

Бахьсэн щыналъэм и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущlапlэм хъыбар къызэрэдилъытэрамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ щрикъум ирихьэлIэу къызэрагъэпэща щIыхьэхуэхэм цIыху мини 3-м нэблагъэ хэтащ. Iуэхугъуэ щхьэпэм зыкъырагъэхьэлIащ Бахьсэн къалэмрэ абы кьедза къуажэхэмрэ дэт Iуэхущlапlэ псоми щылажьэхэм.

ЩIыщхьэхуэм и 26-м Бахьсэн щыналъэм кIэрыхьбжьэрыхуэр зэрыщызэщIакъуам, итырыгъуэр зэрыщраупщIыкIам, жыгхэм, бордюрхэм сэху зэрыщытракIам къищынэмыщIауэ, гулыитэ хэIэтыкIа щыхуащIащ федеральнэ, республикэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъэзугъэм я Iуфэхэр зэлъыIуихынми.

Къуажэхэм я Iэгъуэблагъэхэм хуит ямыщIу къыщынэхуа куэншыб идзыпIэхэри, гектар 1,5-м нэблагъэ къызэщIэзыубыдэхэр, ягъэхьэбзащ. Псори зэхэту, кIэрыхьбжьэрыху тонн 50-м щIигъу я махуэм лъэныкъуэ ирагъэзащ, зэхуэхьэсыпIэхэм ирагъэшащ.

Район администрацэм и унафэщIхэм щIыхьэхуэм хэта псоми фIыщIэ яхуещI икIи щIыналъэм щыпсэуху къыхуереджэ щхьэж зытес уэрамхэмрэ абыхэм кьегъэщIылIа Iэшэлъашэхэмрэ я кьабзагъэм кIэлъыплъынущ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Хьэкъул Розэ и щапхъэ

«Ди Плисецкая» жаIэу яIэтт Хьэкъул Розэ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ балетым и напэт, и набдзэт. «Сэ сыхуейщ сыкъыщыхъуа республикэм щыпсэуэхэм езым я гъуэзджэрэ щэнхабзэрэ яIэжрэ дуней псом ар щызыгъэлъэгъуэф лъэпкъыу щытыну. Абы щыгъуэщи зэфIэкIыр къыщалъытэнур». Апхуэдэу жиIат илъэс 12-м щыщIэдзауэ егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэм я гъэсэну щыта балеринэм.

НАЛШЫК кьалэм и курыт школ №2-м и ебланэ классым къыщыхьэу Проценко Александр къэфэным хуиГъэсэну ныбжьыщIэхэр къыщыхихьи, Розии абыхэм ящыщ зы хъуат. ЗэрыжаIэжымкIэ, хъыджэбзыр япэ махуэхэм щеГъэжьауэ псэкIэ гъуэзджэмрэ классикэ кьафэхэмрэ гурэ псэкIэ бгъэдэту, адрейхэм зэрефIэкI Iэзаг хэлъу щытащ. Иджыри щеджэи Хьэкъулымрэ Къардэн Борисрэ псалъэншэу кьафэм щызэгурыIуэ хъуат. Арауэ къыщIэкIынт абыхэм «Палуча» япэ лъэпкъ балетыр кьащIелхъуIар. Адыгэ Iуэрыlуатэмрэ лъэпкъ литературэмрэ я лъабжьэу республикэм къыщыунэхуа балетхэм - «Палуча», «Дахэнагъуэ», «Легенда гор» - роль нэхъыщхьэхэр культурэ-просветучилищэр ехьулIэныгъэфIхэр иIэу къэзыуха балеринэ ныбжьыщIэ Розэ зэрыхуагъэфэщащ хуэдэу, абыхэм къакIэлъыкIуэ «Дон Кихот», «Жизель», «Шопениане» спектаклхэми образ нэхъ пажэхэр щигъэзэщIащ.

Театр гъуэзджэмкIэ Луначарскэм и цIэр зезыхьэ къэрал институтым Розэ къыщыдэлэжьащ СССР-м и цIыхубз артистхэ, совет балетым и «вагъуэ» Стручковэ Раисэ. Апхуэдэуи а еджапIэм абы щызригъэщIыхуащ Семизоровэ Нинэ, Пчелэ Марис, Гуляев Юрий, Максимовэ Екатеринэ, Васильев Владимир, егъэ иужькIэ зыхуагъэзда Плисецкая Майе сымэ. 1965 - 1967 гъэхэм ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием щылэжьащ. А зэманращ КъБАССР-м и Музыкэ театрыр щыкъэзэрыгъэхуауэ спектаклхэм жьыджэру абы и гуащIэ щыхихьлъар. А театр дыдэм и балет труппэм хэту Розэ иГъэсаикIэ лажьащ. Урысей, дунейпсо классикэм щыщ балет нэхъыфIхэми ар дгъуэуу щыджэгуащ. Одилие и ролыр «Лебединое озеро» балетым (Чайковский Пётр), Заремэ кIыр «Бахъшысэрей фонтан»-м (Асафьев Борис), «Эсмеральда» спектаклым (Пуни Цезарь) хэт Эсмеральдэ и образ нэхъыщхьэр, Золушкэм ейр - «Золушка»-м (Прокофьев Сергей), Жизель дахэр - «Жизель» спектаклым (Адан Адольф) - образ куэд къиГъэщIащ Хьэкъулым. Къигъэлъагъуэ зэфIэкIхэм папщIэ, 1969 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ «КъБАССР-м и щIыхь зиIэ и артисткэ» цIэ льапIэр.

1980 гъэм къыщыщIэдзауэ 1995 гъэ пщIондэ Хьэкъул Розэ Красноярск хореографие училищэм и художественнэ унафэщIу лэжьащ. 1995 гъэм Сыкытывкар оперэмрэ балетымкIэ и къэрал театрым ар балетмейстеру щыпхъэну ираджащ. ИужькIэ, 1997 - 2001 гъэхэм, Хьэкъулым Урыс театрымкIэ институтым классикэ къафэм хуигъасэу IэнатIэ мытынш щыпэрытащ. 2001 гъэм балеринэм Налшык къигъэзэжри, Музыкэ театрым и балетмейстеру, Щэнхабзэмрэ гъуэзджэмкIэ колледжым и егъэджакIуэу лэжьащ. Ар ГъуэзджэмкэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым хореографиемкIэ и кафедрэм и доцентт.

Емызэшыжу щIэблэр къэфэным хуэзыгъэса, а гъуэзджэр куэдым фIыуэ езыгъэлъэгъуа Хьэкъул Розэ зэфIэкIышхуэ иIащ. Нэхъ цIыкIу дыдэжэ зэригъэгугфIам ящыщщ «КъБАССР-м и цIыхуха» балет-псысэр.

ЦIыхуфIым, абы щыгъуэми лъэпкъыр и IуэхущlафэкIэ зыгъэгушхуам и фэеплъыр мыкIуэдыкынщ. Гъуэзджэр лъагэу зыIэта Хьэкъул Розэ апхуэдэ зыщ.

БАГЪЭТЫР Луиз.

Мы махуэхэм

ФокIадэм и 1, *мэрем*

♦ЩIэныгъэхэм я махуэщ. Ар щагъэлъапIэ Армение, Белоруссие, Къэзахъстан, Къыргызыз, Латвие, Молдавие, Урысей, Тыркумэн, Украинэ зэрыгъэлъагъуэхэм.

♦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэщ. 1921 гъэм Къэбэрдей автономнэ областыр къызэрагъэпэщащ. 1936 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-щ.

♦ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦Налшык къалэ и махуэщ

♦Узбекистан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1991 гъэм республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и сессием къыщащащ къэрал суверенитетым теухуа унафэр.

♦Словакием и Конституцэм и махуэщ

♦1255 гъэм Кёнигсберг быдапIэм и лъабжьэр ягъэтIылIащ.

♦1569 гъэм урыс пащтыхь Иван IV и щхьэгъусэ, Идар Темрыкъуэ иныжу Гуащэнэ (Марие) дунейм ехьжащ.

♦1674 гъэм Черкасский Мугал и къуэ Къасболэт пщым и дзэм Iуэзэ и дежь тыркудзэр щIэзэтрикъутащ.

♦1714 гъэм Пётр Езанэм и унафэкIэ Санкт-Петербург къалэм къыщызэIуахащ Урысейм щыIэп къэрал библиотекэр. Иджыпсту ар Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и библиотекэщ.

♦1938 гъэм «Правда» газетым ятIэ дыдэу къыдехуащ «Хэкум папщIэ! Сталиным папщIэ!» къыхуеджанысIэр.

♦1939 гъэм ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэхъэ́ащ.

♦1940 гъэм Тырныауэ вольфрам-молибден комбинатыр лажьэу ящIыпащащ.

♦1940 гъэм Налшык къыщызэрагъэпэщащ адыгэ, балъкъэр балет студиехэр.

♦1951 гъэм дунейм щыIэпэу Лондон къыщызэIуахащ супермаркет жьыхуаIэ тыкуэныщхьэр.

♦1964 гъэм ягъ дыдэу кьагъэлъэгъуащ «НэхулъэфI фыкIыкI, цIыкIуэ!» нэтынкIэ.

♦2004 гъэм Осетие Ищхъэрэ - Аланием хьихьэ Бесслъэн кьалэм дзт езанэ куэрыт школыр террористхэм яубыдащ.

♦Урысей пащтыхь гуащэ, Пётр Езанэм и анэ **Нарышкинэ Наталье** къызэралъхурэ илъэс 366-рэ ирокIу.

♦Урыс бэзэщIэныгъэлI, кавказыбзэхэр джыным хэлъхьэныгъэшхэу хуэзыщIа **Услар Пётр** къызэралъхурэ илъэс 201-рэ ирокIу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщIу щыта **Къудей Чэрим** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокIу.

♦УФ-ми, Кубанми, КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал сауГъэтыр зыхуагъэфаща **Зыхьэ Заурбий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

ФокIадэм и 2, *щэбэт*

♦ЕтIуанэ дунейпсо зауэр щиуха махуэщ. Абы и щынинград и метрополитеныр ухуэным. А лэжьыгъэхэр зэпагъэуауэ щытащ зауэ зэманым.

♦1953 гъэм Хрущёв Никитэ КПСС-м и ЦК-м и япэ секретарэ хахащ.

♦КъБР-м и къэрал жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБАССР-м и Министрэхэм я Совет и УнафэщIу щыта **Дэхъушокъуэ Мусэ** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокIу.

♦УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ **Гугъуэт Лол** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокIу.

♦1958 гъэм ягъ дыдэу зэфIым къихьащ Китайм и телевиденэр.

♦1971 гъэм Хьэрып Республикэ Зэгуэтыр Мысыр, Сирие къэралыгъуэхэу зэхэкIащ.

♦1993 гъэм Урысеймрэ США-мрэ Iэ традзащ Дунейпсо хьэрш станц уху́ным теуха зэгурыIуныгъэм.

♦2002 гъэм РТР телеканалым зэреджэр «Урысей», ОРТ-м - «Ягъэ канал» жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦Совет актёр щэджащэ, СССР-м и цIыхубз артист **Леонов Евгений** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокIу.

♦Совет композитор, фильм цIэрыIуэ куэдым я макъамэхэр зытха, СССР-м и цIыхубз артист **Петров Андрей** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокIу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубз артист **Гафт Валентин** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокIу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ артистхэр **Прокловэ Еленэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокIу.

♦Сурэтыщ-живописец **Ерчэн Исуф** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокIу.

♦УФ-м футболымкIэ и командэ кхъухэм и тренер нэхъыщхьэ, Урысейм спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Черчесов Станислав** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокIу.

♦США-м щыщ актёр цIэрыIуэ **Ривз Киану** и ныбжьыр илъэс 53-рэ

Си еджапIэ - си къежьапIэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ

● Фокlадэм и 1-р Щlэныгъэхэм я махуэщ

Щlэблэм гъуазэ яхурехъу

Ди къэралым и дзтхэнэ щыпlэми хуэдэу. Къэбэрдей-Балкъэрым и школхэм, гъэсапIэхэм нобэ - фокlадэм и 1-м - гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр щокlуэкI. Зи гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманыр иуха сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ йокlуэпIэж зыхуэй хуэзэ, зэпэщ хъужа я еджапIэхэм, сабий садхэм. Псори зэхэту абыхэм я бжыгъэр мини 100-м щIегъу.

2017 - 2018 гъэ еджэгъуэщIэм зэрыщIдзэм и нэщэнэ япэ уэздкынэр къыщоуэ ди щIыналъэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэхэм. Ныбжьыщlэхэм, абыхэм я ущиякlуэхэм - гъэсакlуэхэм, егъэджакlуэхэм - я махуэшхуэм хэтщ республикэ, щIыналъэ къэрал Iэхуущапlэхэм я лыкlуэхэр, кьалэ, къуажэ администрацхэм я унафэщIхэр, жылгъэм я нэхъыжьыфIхэр, адэанэхэр.

Иужьрей илъэсхэм къэралым гулъытэ ин хуещI егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм зегъэужьыным. Зы гъи къанэркъым абы хухах ахъшэр нэхъыбэ мыхъуу. А мылькур хуаутlыпщ школыщIэхэр ухуэным, лажьэхэр зэгъэпэщажьным, егъэджакlуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным, егъэджэныгъэм технологие, методикэ пэрытхэр хэгъэхьаным, зэрырагъаджэ программэщIэхэр, тхылъыщIэхэр къэщтэным, егъэджакlуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэным, лажьыгъэм къыхэжаныкlэхэр гъэпэжаным, бынунагъуэшхуэхэм кьахэкI сабийхэм, зи узынщагъэм сэкъат иIэхэм гулъытэ хэха яхуэщIыным, нэгъуэщIхэмэ. Апхуэдэу ахъшэ мымащIэ хухах «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым къыщыгъэлъэгуэу унэтIыныгъэм ипкъ иткIэ екIуэкI iажьыгъэхэр къызэгъэпэщыным, абыхэм зэщIэгъэкъуэным.

ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным епха япэ лъэбакъуэхэр ныбжьыщIэм щичыр сабий садырщ. Апхуэдэ Iуэхущапlэхэм щофIакlуэ гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм ехьэлIа лэжьыгъэхэр. Абыхэм пэщIэдзэ щIэныгъэ щызыгъуэта цIыкlуэхэм еджэным щIыпащэ курыт школхэм, лицейхэм, гимназие зэхуэмыдзэхэм. Абыхэм яхэтщ предмет хэхахэр нэхъ кууу щаджхэри, Iэщlагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэзыгъэгъуазэ курс щхьэхуэхэр къыщызэгъэпэщахэри, унэтIныгъэ хэха зиIэхэри. Курыт щIэныгъэфI зыгъуэта ныбжьыщIэхэм Iэщlагъэ щызырагъэгъуэт колледжхэм, техникумхэм, институтхэм, нэгъуэщI егъапlэхэмри. ЖыпIэнурамэ, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ къэрал Iэнатlэхэм я унафэщIхэм зыхуэгъэувыж кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ ныбжьыщIэхэм щIэныгъэ куу зрагъэгъуэтыну Iэмал етыныр, ахэр щыпсэу щIыпlэмрэ къызыхэкIа социальнэ гупымрэ емылытыкlуэ. Аращ зыхуэунэтlар а Iэухугъуэхэм епха лжьыбгъэ псори.

Ерджэным, щIэныгъэрэ Iэщlагъэрэ зэгъэгъуэтыным и дзкIуеипIэ зэхуэмыдзэхэм тет сабий минхэм, ныбжьыщIэхэм, абыхэм я гъэсакlуэхэмрэ егъэджакlуэхэмрэ нобэ къахуеуэ япэ уэздкынэр угъурлы яхуэхъуну дохъуэхъу. Я мурадхэр къехъулIэу, лъагалIэщIэхэм нэсу гъэ еджэгъуэщIэр узынщэу, лъэпощхьэпоунщэу кърахьалIэну дигуапэщ.

Нобэрей гуфIэгъуэ махуэшхуэм хуэдгъэхъэзыра «Си еджапIэ - си къежьапIэ» напэкlуэцlым ихуа тхыгъэхэм яхэтщ къэралыр, республикэр, адыгэ лъэпкъыр зэрыгушхуэ цIыхубэ егъэджакlуэхэм ятеухуахэр. Апхуэдэхэращ «лъэпкъым и набдзэ» зыхуаIэри, абыхэм я гъащIэ гъуэгуанэр щIэблэм гъуазэ яхурехъу!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.

СССР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ Къанщыкъуей Риммэ

Егъэджакlуэ Iэзэ Къанщыкъуей Риммэ Хьэмид и пхъум и цIэр зэхэзымыха, и Iуэху зехьэкIэ дахэм, хэлъ цIыхугъэ лъагэм щымыгъуазэ куэд искъым Аруан куейми ди республикэми. А бзылъхугъэ щыпкъэм и закъуэщ «СССР-м и цIыхубэ егъэджакlуэ» цIэ лъапIэр зэриихьэу ди щIыналъэм исыр. Апхуэдэ къэрал гулъытэ иныр Риммэ къихьащ щIэблэр гъэсэным, щIэныгъэ куу яб-гъэдэлъхьэным хуищIа хьэлъхьэныгъэ инымкIэ, лэжьакIэ пэрытымкIэ, и гъащIэ щапхъэ екIумкIэ.

КъЫЩАЛЪХУА Хьэтуей къуажэм дэт курыт школыр къыщыухым Риммэ къыхихыну Iэщlагъэр иубзыхуакIэт. Абы и адэ Хьэмид и анэ Абчари егъэджакlуэу я гъащIэр ирахьэкIащ, лэжьыгъэм ехьэлIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрагъэхьэу. Абчарэ щытащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ я егъэджакlуэу. Анэм и щапхъэр гъэзугъэлъагъэу нэс хуэхъуащ Риммэ икIи КъБКъУ-м хамэ къэралыбзэхэр щадж факультетыр фIы дыдэу кьиуха нэужь, 1961 гъэм егъэджакlуэу лэжьэн щIидзащ.

- Студент илъэсхэр блэлъэту, сызыщIэхъуэпса Iэщlагъэр зэзгъэгъуэта нэужь, лэжьыгъэм си гур хуэзIухуэ, жьыджэрагъ ин схэлъу егъэджакlуэ Iэнатlэм сыпэрыхьауэ щытащ, - и егъэджакlуэ гъуэгуанэм топсэлъыхьыж Риммэ. - Дзтхэнэ лжьыбгъэми хуэдэу, егъэджэнми езым и щхэхуэр иIэжщ, абыхэм нэхъ щIэхьиу щыгъуазэ ухъунымкIэ щIэзгъэкъуэн къыпхуэхъу цIыхуэр зэи пщыгъупщэркъым. Апхуэдэт си дежкIэ лэжьэн щыщIэздзауэ щыта Нарткъалэ курыт еджапIэ №3-м и унафэщIым и къуэдзэ къыалэнир а лъэхъэнэм зыгъэзащIуэ щыта Бекъалды Мухьэмэд. Аращ зи фIыщIэр сызыхунэса лъагапIэхэм я нэхъыбэр. Къалэм дэт курыт еджапIэ №1м сыкъэзышэжаи арат, езыр а Iуэхущапlэм и унафэщI хъуа нэужь.

ЕгъэджакIуэ Iэщlагъэр къызыдалъхуауэ жьыпIэ хьуну бзылъхугъэ ныбжьыщIэр щIэх дыдэу хэзгъащI Iуэхум икIи бгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ зэфIэкI лъагэмрэ, лэжьыгъэм хуиIэ жэуапIныгъэмрэ и цIыху хэтыкIэ дахэмрэ я фIыгъэкIэ ехьэлIэныгъэфIхэр зэман кIэщIым кьриубыдэу зыIэриГъэхьащ. Анэм и щапхъэм зытриша лъагъуэ цIыкlур гъуэгу бгъуфIэу кьыхущIэкIащ Къанщыкъуейм. Лэжьыгъэм зэрыпэрыта илъэс 40-м кьриубыдэу абы зэи щыгъупщакъым анэм кьызыхуриджэу щытар. «ЖыпIэр сабийм зэхихьну ухуеймэ, япэщIыкIэ езым жиIэр уэ зэхэх. Сабиипсэм нэсыф егъэджакlуэрщ а Iэщlагъэм хуэIэзэу яльытэр», - апхуэдэт анэм и ущиер. А псалъэхэр Риммэ гъуэгугъэлъагъуэ зэрыхуэхъуам и щыхьэт наIуэщ «зи гу хуабагъыр сабийхэм езыта егъэджакlуэ нэсу» - езыр кьызэралъытар. Аращ ар егъэджэныгъэм лъэужьыфIэ щыщIыхэуари. Къанщыкъуейм и машIэкъым и щапхъэм ирикlуа гъэсэнэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Хьэмгъуокъу Лидэ, Хьаничэ Рустам, Былымгъуэт Лидэ, Тыымыжь Мухьэмэд сымэ, нэгъуэщI куэди. Егъэджакlуэр иропагэ абыхэм, я ехьэлIэныгъэхэм и псэр догуфIэ, я цIэхэр фIыкIэ къраIуэмэ, и гур хохъуэ.

Илъэс 40-м щIигъкIэ и Iэнатlэр псэ хьэлэлкIэ езыхьэкIа, зи къалэнхэр ныкъусаныгъэншэу зыгъэзэщIа Къанщыкъуейм абы фIыщIэ куэд кьыхудэкlуащ. Абы кьыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденыр, «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ» медалыр, щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр, СССР-м и цIыхубэ депутатуи щытащ. 1981 гъэм Къанщыкъуейм къэралым гулъытэ лъагэ кьыхуищIащ - абы «СССР-м и цIыхубэ егъэджакlуэ» щIэ лъапIэр кьыфIащащ. Хэкум, лъэпкъым я зыужьынигъэм папщIэ и къаруи, зэманы, щIэныгъэ, зэфIэкIи щымысхьу езыхьэлIа Риммэ ноби щIэблэм я ущиякlуэщ, егъэджакlуэ ныбжьыщIэхэм я чэнджэщагъуфIыщ.

КъАРДЭН Маритэ.

УФ-м и цIыхубэ егъэджакIуэ Мэлбахъуэ Борис

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ щIыхь зиIэ я егъэджакlуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Мэлбахъуэ Борис Хасболэт и къуэр ящыщщ ди щIыналъэр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ IэщlагъэлIхэм. Илъэс 50-м нэблэгъауэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм пэрыт, абы щыщу илъэс 30-м нэсауэ школ унафэщI къуэрыкlуэ къызыхуэтыншэу езыхьэкI Мэлбахъуэм и зэфIэкI куэд ирихьэлIащ ди республикэм абы зыщижьыным. Ар ящыщщ къытщIэхъуэ щIэблэм я ехьулIэныгъэр насыпу къэзылъытэ егъэджакlуэ щыпкъэхэм.

МЭЛБАХЪУЭР 1946 гъэм щIышылэм и 21-м Тарч кьалэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэр зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэхэм хиубыдами, Борис кьэхъуащ еджэным дихьхыу, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным хуэпабгъэу. Курыт школыр еухуэнэжа нэужь, щIалэщIэр лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ факультетым. «Тхыдэдж» Iэщlагъэр иIэу университетым 1968 гъэм еджэныр щызэфIихащ Мэлбахъэм.

Абы лъабгъэр блэкIа илъэс 49-м ар зэи хущIегъуэжакъым къыхиха Iэщlагъэм. Тхыдэр щIэблэм яригъэджу лэжьэн щIэзыдза IэщlагъэлI ныбжьыщIэр щIэх дыдэу хэзгъащI Iэнатlэм. Дзыхь къыхущI дэтхэнэ Iэнатlэри егъэфIакlуэныр, лжьэкIэм и мардэщIэхэм кууу щыгъуазэ зыхуэщIыныр икIи ахэр Iуэхум шэщIауэ хэпщIныр зи гъуазэ Мэлбахъуэр кьалащхьэм дэт лицей №2-м и унафэщI зэрыщыт зэманым кьриубыдэу еджапIэм екъуIэныгъэ лъагэхэр зыIэригъэхьащ. Кьапщтэмэ, 1995 гъэм кьыщыщIэдзауэ илъэси 10-м щIигъкIэ ар яхэтащ «Илъэсым и школ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэм. 2001 гъэм лицейм фIащащ «ПIэщIыгъуэм и школ» цIэ лъапIэр. 1995-1998 гъэхэм Iуэхущапlэр хэтащ ЕгъэджэныгъэмкIэ Соровскэ дунейпсо программэм къызэригъэпэща зэпеуэхэм икIи абыхэм я лауреат хъуащ. ЕджапIэм щылажьэ Iэщlагъэлl гупыр, я пашэри я гъусэу, 1996 гъэм кьалъытащ «ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ» унэтIныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъыфI Iуэхущапlэу икIи «Алъпыш лъатэ» саугъэтыр кьратащ. Нэгъабэ екIуэкIа апхуэдэ къэралпсо зэпеуэмкIи еджапIэр яхэхуащ УФ-м щынэхъыфI дыдэу кьалъыта лицейхэм. ИнтернетымкIэ екIуэкIа Iэлэтым ипкъ иткIэ, лицей №2-м фIащащ «Урысейм и цIыхубэ школ» цIэ лъапIэр.

Апхуэдизэ ехьулIэныгъэфIхэм, шэч хэмылъу, лэжьыгъэшхуи я щIыбагъ кьыдэлъщ. Ар зэфIах школым щылажьэ егъэджакlуэхэм, абыхэм я пашэм. Гупым яхэтщ яб-гъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ ягъэлъагъуэ зэфIэкI лъагэхэмкIэ республикэ, къэрал гулъытэ лъапIэ зыгъуэтахэу УФ-м, КъБР-м щыпсэу щIыпlэ зиIэ егъэджэныгъэм и отличникхэр, щIэныгъэхэм я докторхэр, кандидатхэр, зи Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ квалификацэ лъагэ зыхуагъэфэща Iэщlагъэлl лъэщхэр. Лъэныкъуэ куэдкIэ щапхъэу ягъэлъагъуэ егъэджакlуэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр ящыщытащ ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей Академием и институтым икIи «Урысей Федерацэм и инноваци школхэр: зэфIэувэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ» тхылъым щхьэхуэу къыщигъэлъэгуащ.

Лицейм и унафэщI щыпкъэ Мэлбахъуэ Борис СССР-м, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ я отличникщ, абы мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм, егъэджэныгъэмкIэ щIыпlэ Iэнатlэм кьабгъэдэкI щыхь, фIыщIэ тхылъхэр. УнафэщI щыпкъэм зыбжанэрэ кьыфIащащ «Илъэсым и директор» цIэр. Апхуэдэу абы кьратащ «ПIэщIыгъуэм и директор» дамыгъэ лъапIэри.

УФ-м и цIыхубэ егъэджакlуэ Мэлбахъуэ Борис и лэжьэкIэм и мардэхэри щIыпlэ куэдым щызэлъащIысащ. IэщlагъэлI нэсым и гъащIэмрэ и Iуэху зехьэкIэ пэрытымрэ ятеухуа тхыгъэ ихуащ Америкэ биографие институтым кьыдигъэкI «УнафэщI щэджащэхэр» тхылъым.

БЖЭIУМЫХ Къантемыр.

● Щыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Лъэпкъым и къарур

Лъэпкъым и къарур къызэралъытэр и цIыху бжыгъэмкIэкъым, атIэ и цIыхухэм гъэсэныгъэрэ щIэныгъэу ябгъэдэлъырщ.

ГЮГО Виктор.

ЩIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхур щIэнгъуазэ пэлъытэщ.

ГЕТЕ Иоганн.

ЩIэныгъэм хуэдэу цIыхур зыгъэлъапIэрэ абы хуитыныгъэ къезытрэ нэгъуэщI зыри щыIэкъым.

ПИСАРЕВ Дмитрий.

ЩIэныгъэм гъунэ иIэкъым: сыт хуэдиз ехьулIэныгъэхэр цIыхубэм абы щызыIэрагъэхьэми, къэкIуэну щIэблэхэм Iэмал яIэнущ абы и гъунапкъэщIэхэр къызэIуахыну.

ГОНЧАРОВ Иван.

ЦIыхур сыт щыгъуи щIэныгъэщIэхэм хуэпабгъэу щытын хуейщ. А хьэл-щэныр Iэщlыб зыщIыр цIыху нэсуи къалымтэжыркъым.

НАНСЕН Фритьоф.

Иджырей жылагъуэм и дежкIэ гъэсэныгъэм апхуэдизу мыхьэнэшхуэ иIэщи, уеблэмэ абы елъытащ къэралым и къэкIуэнур зыхуэдэну дыдэр.

РЕНАН Эрнест.

КъБР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ Дыщэкl Марие

«Бзэр дзэзыгащIэр Тхьэм иуэщI, Дунейм и фIыгъуэм щремыщIэ», - Кlыщокъуэ Алим и «Псалъэ» усэм щыщ мы сатырхэр яхуэфащэ дыдэщ анэдэлъхубзэр щIэблэм егъэщIэным зи гъащIэри гуащIэри тIыкIэ хуэзэныщIа Iэщlагъэлl минхэм. Мы-хьэнэшхуэ зиIэ а лъэпкъ Iуэхум уелэжьыныр, лъэпкъыбзэр ебгъэджыныр, ипэжыпIэкIэ, щIыхь зыпылъ Iэщlагъэщ. Илъэс плIыщI хьуауэ а Iэнатlэм хьэлэлу пэрытщ КъБР-м и цIыхубэ егъэджакlуэ Дыщэкl Марие.

ЗИ ДЭТХЭНЭ дерсри зэIуха лэжьакlуэ пашэм и цIэр зэхэзымыыха яхэмытми ярейщ ди егъэджакlуэхэм. Уеблэмэ ар ящыщщ ди республикэм и мызакъуэу, адрей щIыналъэхэми цIэрыIуэ щыхъуахэм. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым щытекIуэу, «УФ-м и егъэджакlуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфащэу, къэрал унафэщIым игъуэва сом мини 100-ри тыгъэ зыхуащIыжахэми яхэхуащ Дыщэкlыр. Апхуэдэ гулъытэ лъагэмрэ жылагъуэ щIыхьымрэ Марие кьихьащ и Iэщlагъэм хуиIэ лъагъуныгъэ къабзэмкIэ, пщэрылъ зыхуищIыжа кьалэныжьмкIэ, зыхищIэ жэуапIныгъэмкIэ, щIэблэм щIэныгъэ куу, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу хэлъхьэн папщIэ зэфIих лэжьыгъэхуэмкIэ.

- АдыгэбзэмкIэ егъэджакlуэ Iэщlагъэр хуэзэрыхэсхэр илъэс куэд дэкIащ, ауэ зы махуи къэхуакъым абы сыхущIегъуэжауэ, сыт хуэдиз гугъуафэ хэмылъми, ар къыстехьэлъауэ зэи схужьIэнукъым. Сыту жыпIэмэ си гъащIэ насыпым и Iыхьэшхуэхэм ящыщщ си Iэщlагъэр. Абы щызыхуэзгъэувыжа кьалэнхэри мыхьэнэшхуэ зиIэу къызолъытэ, - жеIэ Марие. - Тхыдэ гъуэгуанэ кIыхь икIи гугъу зиIа ди лъэпкъым и нэхъыжьхэм нобэм кьахьэсыфащ ди хабзэ дахэхэр, тхуахъумэфащ ди анэдэлъхубзэр. Ауэ щыхьэIэ, ди адэжь-анэжьхэм кьащIэна бзэм дэ IупщIэ хуэтщIыжьыныр икIагъэщ.

Урыс тхакIуэ Паустовский Константин зэрыжиIауэ, цIыхур и анэдэлъхубзэм зэрыхущыгъыжьым кьегъэлъагъуэ абы кьэралымрэ жылагъуэмрэ щхьэкIэ ищIэфынур зыхуэдизыр.ЦIыхур ирилъагэу мы дунейм тет фIыгъэшхуэхэр кьыщалъытэкIи, псом япэу кьраIуэр щалъхуа хэкумрэ и бзэмрэ хуиIэ щытыкIэрщ. Ар егъэфIакlуэным гурэ-псэкIэ хуэлажьэкъым ящыщщ егъэджакlуэхэр, псом япэу лъэпкъыбзэхэр курыт школым щезыгъэджэхэр. Апхуэдэ гъащIэ мардэм тету мэлажьэ икIи мэпсэу Дыщэкlыр. Абы зэрыжиIэмкIэ, щIэныгъэфI убгъэдэлъын хуейр мащIэщ - ар щIэблэм ябгъэдумылъхьэфмэ, зыри и уасэкъым. Ар къыльытэри, Марие и Iуэху зехьэкIэм лъабжьэ хуищIащ сабийхэр дзэзыхьэкIи методикэ щхьэхуэ: тегъэщIапIэ ещI урок нэужь лэжьыгъэхэр егъэфIэкlуэныр.

Цlыхубэ егъэджакlуэм и лэжьэгъу псори къыхуреджэ ди анэдэлъхубзэр къэхуауэ, жьакlуэу, губзыгъэу, удиихьэныу дэнэ утыкуи щыгъэIуным. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм лъэпкъым хэзгъэза фIыгъуэ мылъытэхэр къызэрырикlуэнуми шэч къытрихьэркъым.

ТАМБИЙ Линэ.

Мы цIыкIуэр япэу еджапIэм щIохьэ.

Адыгэбзэр школым зэрыщегъэджыпхъэр

● Iуэху еплъыкIэ

Адыгэбзэм и макъ дэкIуашэхэм ятеухуауэ «Адыгэ псалъэм» (бадзэуэгъуэм и 18-м, № 134-м) къытехуа тхыгъэм хэт таблицэм зэхъуэкIыныгъэ гуэр игъуэтащ. Абы кьыхэкIкIэ а таблицэр тыдодзэж, тхыгъэр зей Щоджэн Хьэутий и комментарий кIэщI и гъусэу.

«Макъ дэкIуашэхэм я таблицэщIэр Iыхьишу зэхэлъщ.

Макъ дэкIуашэхэм я таблицэ

макъ щ ы р ы щ х э р			Iупэр хъурей мыхъуу къапсэлъхэр	Iупэр хъурей хъууэ къапсэлъхэр
жьгъыжьгъэр	дзгу-хэр	пIытIа-хэр		
б	**п**	**пп**	-	**у**
в	**ф**	**фф**	-	**гу**
д	**т**	**тт**	-	**ху**
дж	**ч**	**чч**	-	**кку**
дз	**ц**	**цц**	г	-
ж	ш	-	х	**ху**
жь	**щ**	**щщ**	I	**Iу**
з	с	-	гъ	**гъу**
л	**лъ**	- **лл**	хъ	**хъу**
й	хь	(к)	кхъ	**кхъу**
м	н	р	къ	**къу**

Япэ Iыхьэр макъ дэкIуашэ щырыщхэм ятеухуащ.

Мы Iыхьэм гу зылъытатхэзу Iуэхугъэущ къэдгъэлъэгъэнщ. Зыр макъ пIытIахэм я тхыкIэщIэм теухуащ. Макъ пIытIа псори ахэр къызытехьэукIа макъ дзгуэхэм я хьэрф тIурытIхэмкIэ къэгъэлъэгъуащ. Абыхэм ещхьщ макъ дзгу ч-м къытехьэукIа макъ пIытIари.

ЕтIуанэу гу зылъытатхэзр макъ зэгуэгъуитI **ж-ш, з-с**-*хэр макъ щырыщхэм ящымыщщи, жьгъыжьгъэмрэ дзгуэхэмрэ я графахэм зэрыхэтыращ. ЕгъэджакIуэхэм ящIэн хуейщ адыгэ щIэныгъэлI Къардэн Бубэ и таблицэм макъ дэкIуашэ пIытIа* **щI-р** *макъ дзгуэху щ-мрэ щ-мрэ зэхуэдэу къатехьэкIыну зэритыр. Ауэ апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр школ программэм къыщезгъэныкъым. Абы кьыхэкIкIэ макъ дэкIуашэ щырыщхэм я кьебжэкIым къыщыгъэлъэгъуар* **жь-щ-щщ** *макъицыращ.*

Макъ щырыщхэм я Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуакъым **гу-ку-кку** *макъищыр. Абы и щхьэусыгъуэр сабийхэм къагурыгъэIуэн хуейщ. Таблицэ зэхэлъхьэкIэм утекI мыхъуну зы Iуэхугъуэ хэлъщ:* **зы макъыр зы таблицэм тIэу ирагъэувэркъым.** *Абы кьыхэкIкIэ* **гу-ку-кку** *макъищыр етIуанэ Iыхьэм лабиализованнэ макъхэр зэрыт графам кьыщыгъэлъэгъуащ.* Ауэ, а макъхэр макъ щырыщхэм я бжыгъэм зэрыхэтыр ещIэн хуейщ.

Таблицэм и етIуанэ Iыхьэр зытеухуар лабиализованнэкIэ дыздзэж макъ дэкIуашэхэращ. Иужьрей графам къехуу итщ Iупэр хъурей хъууэ къапсэлъ а макъипщIыр. Сабийхэм гу лъегъэтапхьэщ мы графам ит **у** *псори зэрызэхуэмыдзр. Ятеухуар* **у**-*р макъ дэкIуашэщи, кьыдопсэлъ:* **уадэ, уэрам**. *Адрей* **у**-*хэр макъ дэкIуашэхэр къыщытпсэлъкIэ Iупэр хъурей зэрыхъур къэзыгъэлъагъуэ дамыгъэу иращ.*

*Лабиализованнэ макъищым (***гу-ку-кку**-*хэм) мылабиализованнэ гуэгъу яIэкыну. Макъ пIытIахэм я тхыкIэщIэм теухуащ. Макъ пIытIа псори ахэр къызытехьэукIа макъ дзгуэхэм я хьэрф тIурытIхэмкIэ къэгъэлъэгъуащ. Абыхэм ещхьщ макъ дзгу* **ку**-*р урысыбзэм щыщу къэзгъэсэбэп* **к**-*м къытехьэукIакъым.* **Ку**-*м къытехьэукIащ макъ пIытIа* **кку**-*р:* **куэ** - **ккуэры-ккуэ** (**кIу**эры**кIу**э).

Макъ жьгъыжьгъэ **г**-*мрэ макъ дзгу* **х**-*мрэ зэгуэгъущ.* **Х**-*р Iупэр хъурей хъууэ къапсэлъмэ,* **ху** *макъыр. Макъ пIытIахэу* **I**-*мрэ* **Iу**-*мрэ зэгуэгъущ. А макъ дэкIуашэхэм я гъабжьэм пунктиркIэ къыхэгъэщхьэхуэкIауэ макъ дэкIуашэ* **плIырыплIхэр** щIэтщ. *Макъ плIырыплIхэм хэт макъ зэгуэгъу тIурытIхэр ежьакIуэхэм нэхъ тыншу зрагъэщIэн щхьэкIэ егъэджакIуэхэм къагъэсэбэп хъунущ таблицэ щхьэхуэ цIыкIу:*

жьгъыжьгъэр	гъ	гъу	
дзгуэхэр	хъ	хъу	кхъ кхъу
пIытIахэр			къ къу

Макъ дэкIуашэхэм я таблицэм и ещанэ Iыхьэр макъ щырыщхэм я лъабжьэм щIэтщ. А къэтхъыхьа щхьэхуэм итщ гуэгъунщэу макъи 6: сонорнэкIэ дыздзэж **й, м, н, р**-*хэр,* макъ дзгу **хь**-р, урысыбзэм щыщу къэдгъэсэбэп к-р.

5-нэ классым щIэс еджакIуэхэм макъ дэкIуашэ 48-ри тыншу зэрагъэщIэфынущ мы таблицэмкIэ».

● Псэущхьэхэм я дуней

Махъшэ

МАХЪШЭР пшахъуэщIхэм, щIыпIэ хуабэхэм щопсэу. Ар икъукIэ бэшэчщ, сабырщ, жыIэдаIуэщ. Махъшэм и лъакъуэхэр инщ. АбыкIэ тыншу ар пшахъуэщIым щIзокIуэ. Махъшэм пшахъуэщIым къыщыкI сыт хуэдэ удзри ешх. Махуэ зыбжанэкIэ псы емыфэми, псэуфынщ. Ар хуабэвэхми щIыIэ уаеми щышынэркъым. Абы шэ Iув къыщIокI, ци щабэ куэд къытрах. Махъшэм нэбжьыщу тIу иIэщи, жьышхуэ къепщэм нэр щахъумэ.

КIэпхъхэр

УЭЗДЫГЪЕЙ мэзышхуэм махуэ псом щоIэуэлъауэ еш зымыщIэ кIэпхъхэр. Зэм ахэр зы къудамэм ильмэ, адрейм лъэурэ псей жыг лъагэхэм я щхьэкIэм нос. Зэм жыг лъэдийм кIэрыту щIым къожэхри дэ щIыкIу зэхуахъэсри, ахэр жыг ку гъуанэхэм щагъэтIылъ.

Бжьыхьэм кIэпхъхьм и фэ гъуэплъыр джэдыгукIэ зэрехьэкI.

КIэпхъхьм и шырхэр жыглыщ щабэ зэрылъ жыг ку гъуанэхэм щапI. Гъуэ хуабэм иц шырхэм щIымахуэ щIыIэр зыуи зыхащIэркъым.

Цыжьбанэ шырхэр

ЦЫЖЬБАНЭ шырхэм, мастэм хуэдэу, банэ папцIэхэр щIэж къатекIэу хуохъэ. ТхьэмахуитI докIри, я дзэхэр къокI. А зэманым ирихьэлIэу а цыкIуэхэм топым ещхьу зыэзрагъэпщхьэф мэхъу. Цыжьбанэ шырхэм я нэхэр къыззрыпщIу, ахэр гъуэм хъопщ, ауэ иджыри мэшынэхэри зым адрейм зрекъуэлIэ.

Ин хуэ иужьи щалъхуа щIыпIэм цыжьбанэхэр куэдрэ щыболъагъу.

Бжэндэхъухэр

ГЪАТХЭМ деж бжэндэхъухэр ди щIыпIэм къолъэтэж. Унащхьэхэм тIурытI-щIырыщу тесу, абыхэм дыгъэщIа къыщIэкIым уэрэд хуаус.

Гухэхъуэщ бжэндэхъухэм я гъатхэ уэрэдым уедэIуэну!

Ялэ махуэхэм бжэндэхъухэм я абгъуэхэр зэрагъэпэщыж. Абыхэм я абгъуэр чэзуэ яхьумэ. Зыр абгъуэм исщ, адрейм къелъэтIыхь. Бжэндэхъухэм я абгъуэр щызэрагъэпэщыжкIэ сытри къагъэсэбэп. Абыхэм абгъуэм иралъхь жыглыщ, бжьхуц, джэдыщ, къауц, хъыданыжь, хьэуаз. ИтIанэ абгъуэр икъукIэ кууу ящI, джэду, къуаргъ лъэмыIэсын хуэдэу. ЛъэIэсыпэу щытми, ихьэфынукъым, абгъуэм и Iур зэвщи.

Бжэндэхъухэр зэи Iуэхуншэу щыткъым. Абыхэм губгъуэхэр, хадзэхэр, мэзхэр яхьумэ, я сэбэпышхуэ цIыхум йокI.

МЭЛЕЙ ФатIимэ.

● Едзыгъуэхэр

Егупсысыжыт гу зэIухакIэ

* * *

ИгъащIэми сщIакъым зэхэгъэж:
Ухэт? - Сэ абы зыри тезмыщIыхь.
Гу къабзэ уиIэу уцIыху пэж? -
Узикъуэшщ: сыпсэуху сэ пхуэсщIынущ щIыхь!

* * *

Уо, гъащIэ, сыткIэ уигу къыззбгъа,
Дэнэ си щIалэгъуэр здэпхьар?
Спожь, Iэфлагъым гу щысхуауэ уи гугъа?
Сыт сигу лъащIэм жьыгъэр къыщIиплъхьар?

* * *

СощIэ, сэ нэхъ лIыфI Iэджи дунейм ехьжащ,
Ауэ здихьакъым хьэдрыхэ зыми мастэ.
ЗэтупIэм напIэр, фIыгъуэ псори къэнэжащ, -
Аращ щIыхьэм гуапагъэкIэ сэ сащIетэр.

* * *

Уи жагъуэгъу е къытепсыхакIэ,
УгуфIэу хьумытIэ исльэмей.
Егупсысыжыт гу зэIухакIэ:
КъыпщыщIынур пщIэжрэ уэ пщэдей?

ДУДАР Хьэутий.

● Псэущхьэхэм я дуней

Си къуэш цIыкIу

Новеллэ

Газетым къыхэгъэжа сурэтхэр, тхыгъэ зэмылIэужьыгуэхэр, открыткэ гъэщIэгъуэнхэр Хьэсэнбий хуэсакъыуэр пхъуантэ цIыкIум къыдехри, къэзыухъуреихьа цIыхухэм ярегъэлъагъу:

- Мыр Темырщ, ар спортсмен Iэзэщ. Сыт хуэдиз зэпеуэхэм щытекIуа ар. Мы ди къэралым и закъуэкъым ар зыхэта зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIар. Дуней псом къацIыху си щIалэ цIыкIу, - жиIуэрэ.

Псоми зырызу сурэтыр яригъэлъэгъуа нэужь, пхъуантэ цIыкIум делъхьэжри, аргуэру нэгъуэщI зы къыдех.

- Мыр Тимурщ, адрей си щIалэ цIыкIуращ. А тIур зэтIолъхуэныкъуэщ. Ауэ Тимур Темыр хуэдэу спортым дихьэхьакъым. Ар уэрэджыIакIуэщ. Дуней псом къыщацIыху ар. Абы сыт хуэдэ концертхэр ит фи гугъэ?! Мис, куэд мыщIэу иIэну балигъ хъури, я тхьэрыуэр ящыгъупщэжащ. Иджы, мис, къыщалъхуа махуэм и унагъуэм яригъуэсным и пIэкIэ, лъэмыкъ кIыфIыжьым тетщ, гъущI хъарым ебакъуэу елъэну и мураду. Ауэ итIанэми гащIэр Iэфщ, зыхуэбгъэдэн щымыIэу. Ажалым и Iэ щIыIэхэр зыхищIэми, гугъэм и уэздыгъэр иджыри маблэ... Ягъэ кIынкъым, зыри гугъу хэлъкъым абы. Уи нэр зэтыбопIэри уопкIэ...

Тимур гъущI хъарым щыдэкIуей дакъикъэм, жып телефоныр къеуащ. «Къытесхынкъым, хэтми аракъэ ар?» - игукIэ жиIэрт абы. Ауэ «зэ къэувыIэ, умыпIащIэ», жиIэ хуэдэ ар увыIэжьртэкъым. Тимур и жыпым йолэбэри, телефоныр кърех, къытридза цIэми емыплъу трекъуэз:

- Алло!

- Си къуэш цIыкIу, укъыщалъхуа махуэмкIэ сынохъэхъу! Алло...

Темыр и макъыр зэрызэхихыу Тимур и нэпсыр ежэхащ. Ар гуфIат, Iэджи жриIэнут и къуэшым, арщхьакIэ зы псалъи къыхудэшейртэкъым. АпщIондэху Темыр и псалъэмакъым пещэ:

- Къалэм ущыIэмэ, къэкIуэж, папи плъагъунщ. КъэкIуэж унэм...

- СынокIуэж... Иджыпсту сынокIуэж, си къуэш цIыкIу...

ГъущI хъарым къехыжри, и нэпс ежэхэр имыгъэпщкIу щIэпхъуащ Тимур. Ар плащIэрт и унэ кIуэжырти. Анакъылъхуэр къуэпс гуэркIэ зэрызэпыщIар иджы и фIэщ хъурт абы, армырмэ Темыр къищIэнт абы и псэм щыщIэр?! ИтIанэ, уи унагъуэм фIыуэ укъыщалъагъурэ уакъыгурыIуэмэ, дуней псор уи бийми уи дежкIэ сыт?! Ар гуфIэрт, гъырт, зы дакъикъи къызэтемыуныIуэ хуэжэрт я унэм. ЩIалэм къежьэрт и адэмрэ и къуэш цIыкIумрэ...

Зэтехуэу псы есынымкIэ Олимп чемпион Васюковэ Ольгэ Налшык къыщалъхуащ. *Сидней, 2000 гъэ*

● Псалъэжьхэр

Зы гъэр тIэу къакIуэркъым

♦Псэ зиIэм уахътыи иIэщ.
♦Iей пщIауэ фIы ущымыгугъ.
♦Насыпыр къэкIуэн хъумэ, цы Iуданэми къешэ, кIуэжьи хъумэ, гъущI пщэхъуми хуэубыдыркъым.
♦Зи бзэм хуитыжым и насыпщ.
♦УкIытэр щагуэшым дурэшым дэсащ.
♦Си ныбэ изщ жыпIэу гъуэмылэншэу уемыжьэ.
♦Уэрэдус пщыпсэIухэщ.
♦Дунейр къэкIуэри, уи унэ ихьэж.
♦Зы гъэр тIэу къакIуэркъым.
♦Насып зимыIэм и дзэр хъудырми Iуещыкl.
♦Пщы зыфIэпщым пщылI къыпфIещ.
♦Гъуэгу мыгъуэ уежьэнумэ, танэжь закъуэри мэлIэж.

● Едзыгъуэхэр

Егупсысыжыт гу зэIухакIэ

* * *

ИгъащIэми сщIакъым зэхэгъэж:
Ухэт? - Сэ абы зыри тезмыщIыхь.
Гу къабзэ уиIэу уцIыху пэж? -
Узикъуэшщ: сыпсэуху сэ пхуэсщIынущ щIыхь!

* * *

Уо, гъащIэ, сыткIэ уигу къыззбгъа,
Дэнэ си щIалэгъуэр здэпхьар?
Спожь, Iэфлагъым гу щысхуауэ уи гугъа?
Сыт сигу лъащIэм жьыгъэр къыщIиплъхьар?

* * *

СощIэ, сэ нэхъ лIыфI Iэджи дунейм ехьжащ,
Ауэ здихьакъым хьэдрыхэ зыми мастэ.
ЗэтупIэм напIэр, фIыгъуэ псори къэнэжащ, -
Аращ щIыхьэм гуапагъэкIэ сэ сащIетэр.

* * *

Уи жагъуэгъу е къытепсыхакIэ,
УгуфIэу хьумытIэ исльэмей.
Егупсысыжыт гу зэIухакIэ:
КъыпщыщIынур пщIэжрэ уэ пщэдей?

ДУДАР Хьэутий.

● Гушыlэ

ЩIэп кIапсэ

БоткIэ еджэу щIалэжь гуэр ягъэтIысат. Тутнакъэщым зэрыщIашэу, абы исхэр къеупщIащ:

- Уэри сыт щхьэкIэ укъаша мыбы?

Бот и дамэр дришейуэрэ яжриIащ:

- Уэлэхьи, сымыщIэ сыт щхьэкIэ сыкъашами.

- Уэлэхьи, щIалэжь, дыкъыбогъапцIэмэ, пэжыр къыджеIэ дахэкIэ, - хуэгубжьащ абы тутнакъым исхэр.

Бот щыхагъэзыхьым, гузавэри, Iэнкунурэ яжриIащ:

- КIапсэ щхьэкIэ сыкъашащ.

- Сыт кIапсэ? - ягъэщIэгъуащ адрейхэм.

- ЩIэп кIапсэ... Къэздыгъуат...

Бгъэдэтхэм ящыщ зы щIалэм зэуэ хуилъащ:

- Щхьэр сыт щIэбгъэузыр, щIалэжь?! ЩIэп кIапсэ щхьэкIэ цIыху ягъэтIысрэ? Сыт дэ къомыр дыкъэбгъэпщIэну иужь ущIитыр? УщIэдмыкъухьмэ, тхьар догъэпцI. Пэжыр дахэкIэ къыздэкIуэ!

Бот шынэри зиумысыжащ:

- ЩIэп кIапсэм жэм пыщIауэ щытащ.

Зыми зыри щыжамыIэжым, зылI къуэгъу Бот и дамэм теуIуэри, жиIащ:

- Уэлэхьи, щIалэжь мыхъуа ар. Сыту щIэп кIапсэ угъурсыст а уэ хэпщтар. Бэлыхь ухидзащ, зиунагъуэрэ! Ар мыгъурсыстэмэ, жэмым и бжьакъуэм зыфIишыхьынтэкъым е уэ укъыщIэзм зэпычынт. ДяпэкIэ щIэп кIапсэ къуымыщтэ.

БЕКЪУЛ Барэсбий.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1**. Адыгэ усакIуэ. **3**. МафIэ дащIэрэ щыпщафIэу унэм щIащIыхьу щытащ. **9**. Щхьэгъуымым нэгъуэщIу зэреджэ. **10**. Мэш зытета ебавэ щIапIэ. **12**. Адыгэ шхыныгъуэ, шатэм къыхащIыкIыу. **13**. Адыгэ уэрэдыжь. **16**. Фадэр ... пщIамэ, жьыжь унэсынкъым. **20**. УIэгъэм, удыным щIыфэм къытринэ пIэуужь. **21**. Пэж дыдэ, шэч, щыуагъэ зыхэмылъ. **22**. Жьы мыхъуа, зи къару илъыгъуэ. **23**. Шы IэпслIэпс. **26**. Мэкъуауэ дэкIым къигъэсэбэп Iэмэпсымэ. **30**. Уэшхым щигъэтыжами, иджыри уафэр ... . **31**. Адыгэ къафэ лIэужьыгъуэ. **32**. ЦIыхум ижькIэ гу зыльатауэ дунейм и щытыкIэнур къызэращIэхэр. **33**. Адыгэ цIыхубз пшынауэ Iэзэ. **34**. 2008 гъэм Олимп чемпион хъуа адыгэ щIалэ.

Къехьу: **1**. Ахъшэ жьгъей. 4. Сабийр зрапIыкI. **5**. ГъэщIэгъуэн. **6**. Хьэ гъэса лъэпкъ. **8**. ПIастэ, мырамысэ хагъапщIэурэ яшх шхыныгъуэ пIащIэ. **11**. Дин лэжьакIуэ. **13**. ЩIэкI пычахуэ. **14**. ЦIыхухъу дэрбзэр. **15**. Джэдыр адакъэм къыщхьэщагъэкIым папщIэ жаIэ псалъэ. **17**. РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист, КъБАССР-м и цIыхубз артист. **18**. Зыгуэрым и гъусэу жей. **19**. Джэдым щыщ нэхъыжь Iыхьэ. **24**. Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъ. **25**. ХупцIынэ. **26**. КъБР-м щыIэ псыежэх, км 76-рэ и кIыхьагъуу. **27**. МахуэцIэ. **28**. ЩIхьэл мывэр зыфIадзэу щыта, игъэджэрэзын щхьэкIэ. **29**. Нартхэ я гъукIэ.

Зыхэзылъхьар
ДЫЩЭКI Алийщ.

Шыщхьэуlум и 26-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3**. Къэдабэ. **5**. Берлин. **8**. Пкъы. **10**. Махъшэ. **11**. Мысыр. **12**. Къурш. **13**. Бжы. **14**. Лыжь. **15**. Къущхьэ. **17**. Бэракъ. **19**. Удын. **21**. Курыбэ. **22**. Нэкурэ. **26**. Армэ. **27**. Уардэ. **28**. Лъэпщ. **31**. Игъуэ. **32**. ЦIыв. **33**. Гъудэ. **34**. Тумэн. **35**. Щэращ. **36**. Анэ. **37**. Нэбгъэф. **39**. Къуэладжэ.

Къехьу: **1**. Уд. **2**. Къул. **3**. Къамылыкъуэ. **4**. Бжьэдыгъу. **6**. Ермэлы. **7**. Нартсанэ. **9**. Къэрэкъурэ. **16**. Хьэрэм. **17**. Бжэгъуэ. **18**. Къанжэ. **20**. Дыркъуэ. **23**. Пакистан. **24**. Аргудан. **25**. Пщыхьэщхьэ. **29**. Жэгундэ. **30**. ПцIащхьэ. **38**. Бо. **40**. Акъ.

● Хъуэхъу

Ди нанэ дохъуэхъу!

Нартан къуажэм щыщ Къущхьэ (Къуныжь) Любэ и ныбжьыр илъэс 80 ирикъащи, и бынэри, бынхэм къащIэхъуахэри, я благъэхэри дохъуэхъу дигъэгуфIэу, дигъэгушхуэу куэдрэ къытщхьэщытыну.

Ди нанэ фIым дыхуиущийуэ, и IэхъущIэкIэр ди щапхъэу, и Iэщагъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэм пщIэуэ къыхуихыр тIъагъуу дыкъэхъуащи, фIыщIэ худощI.

Нанэ илъэс 40-кIэ щылэжьащ «Берёзка» дапIэм. Ар дэн-бзэным къыхуигъэщIа бзылъхугъуэ къыщIэкIынт ди республикэм и уэрэджыIакIуэ, артист куэдым «Любэ идауэ фIэкI дыхуейкъым» жаIэу, къыхуэкIуэу зэрыщытам тепщIыхьмэ.

Ди нанэ, ди псэм хуэдэ! Дыхуейщ уузыншэну, гукъыдэж уиIэну, гъащIэми фIыуэ плъагъухэми гу ящыпхуэну. Сэ зэи сщыгъупщэнукъым уэ къыскуэпщIар, уи лъагъуныгъэу зыхэзбгъэщIар!

Уи пхъурылъху Ширдий Иннэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 5-рщ.

ЩIэп кIапсэ

Боткlэ еджэу щIалэжь гуэр ягъэтIысат. Тутнакъэщым зэрыщIашэу, абы исхэр къеупщIащ:

- Уэри сыт щхьэкIэ укъаша мыбы?

Бот и дамэр дришейуэрэ яжриIащ:

- Уэлэхьи, сымыщIэ сыт щхьэкIэ сыкъашами.

- Уэлэхьи, щIалэжь, дыкъыбогъапцIэмэ, пэжыр къыджеIэ дахэкIэ, - хуэгубжьащ абы тутнакъым исхэр.

Бот щыхагъэзыхьым, гузавэри, Iэнкунурэ яжриIащ:

- КIапсэ щхьэкIэ сыкъашащ.

- Сыт кIапсэ? - ягъэщIэгъуащ адрейхэм.

- ЩIэп кIапсэ... Къэздыгъуат...

Бгъэдэтхэм ящыщ зы щIалэм зэуэ хуилъащ:

- Щхьэр сыт щIэбгъэузыр, щIалэжь?! ЩIэп кIапсэ щхьэкIэ цIыху ягъэтIысрэ? Сыт дэ къомыр дыкъэбгъэпщIэну иужь ущIитыр? УщIэдмыкъухьмэ, тхьар догъэпцI. Пэжыр дахэкIэ къыздэкIуэ!

Бот шынэри зиумысыжащ:

- ЩIэп кIапсэм жэм пыщIауэ щытащ.

Зыми зыри щыжамыIэжым, зылI къуэгъу Бот и дамэм теуIуэри, жиIащ:

- Уэлэхьи, щIалэжь мыхъуа ар. Сыту щIэп кIапсэ угъурсыст а уэ хэпщтар. Бэлыхь ухидзащ, зиунагъуэрэ! Ар мыгъурсыстэмэ, жэмым и бжьакъуэм зыфIишыхьынтэкъым е уэ укъыщIэзм зэпычынт. ДяпэкIэ щIэп кIапсэ къуымыщтэ.

БЕКЪУЛ Барэсбий.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жьэкlэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэз.**

Езыгъэтхэжр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IэхъухэмкIэ - 42-22-86; къажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IэхъущIапIэхэм ядэлэжьхьэмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэзекIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iэхъугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iэхъущапи Iэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня,** *редактору* **Хьэжыкъарэ Алик,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аз эмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепIэр яцIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.507 ● Заказ №1108